

Somerville, Yon Vil Kote Yo Janti Epi Jis



Pa Amy Bamforth
Somerville Family Learning Collaborative



Somerville se yon gwo vil, kote ki gen anpil moun ak anpil bagay.

Byenvini nan Somerville!



Gen timoun ak gran moun, pwofesè ak ofisyel lapolis. Gen granparan ak tibebe, fanmi ki pa gen apil moun ak fanmi ki gen apil moun.

Gen kay ak boutik, pak ak lari. Gen lekòl ak restoran, lopital ak tren. Tout moun ap viv, yo travay epi yo jwe nan divès kote.

Viv nan Somerville vle di w ap rankontre divès kalite moun. Fason moun yo janti epi jis fè vil nou an yon pibon kote pou tout moun.



Janti vle di fè kèk bon bagay ki fè lòt moun kontan.

Jis vle di trete moun nan yon fason ki fè tout moun santi yo byen epi yo enkli ladan tou.

Kisa “ janti “ sanble? Kisa “jis” sable?



Janti se lè yon moun k ap ede kominote a
kite timoun chita nan machin polis a.



Jis se lè gran moun asire yo tout moun gen
tou pa yo.



Janti se lè moun pataje jwèt yo.



Jis se lè pwofesè koute sa timoun yo panse.



Janti se lè yon gran timoun aprann yon
timoun piti kisa gravite ye.



Jis se lè pafwa se ou menm ki pouse a epi
pafwa tou yon lòt pouse pou ou.



Janti se lè yon gran timoun bay yon tibebe
atansyon l epi fè kè l kontan.



Jis se lè majistra koute sa granoun ak timoun
yo ap di pou l ka konnen sa yo panse.



Janti se lè ou pataje manje ou te kwit la avèk
yon zanmi.



Jis se lè tout moun gen yon enstriman
enteresang nan lè mizik.



Janti se lè moun yo ede youn lòt.



Jis sè plas pou tout moun ka jwe.



Jis se asire nou tout moun gen gen zouti
espesyal yo bezwen pou yo ka fè travay la.



Janti vle di nou pataje tan amizman nou yo
ansanm.

Kisa OU ka fè ki JANTI?

Kisa OU ka fè ki JI?

Nou tout ka travay ansanm pou n fè Somerville yo vil ki SENPATIK epi BON pou tout moun!

Viv nan nan Somerville vle di w ap rankontre divès kalite moun. Fason li senpatik epi bon fè vil nou an yon pibon kote pou tout moun.

MÈSI pou tout fanmi ki pèmèt nou itilize foto yo nan liv sa-a. Nou se
manm kominote nou an ki janti epu jenere!!



Somerville, a Kind and Fair City was created by the Somerville Family Learning Collaborative.

Author: Amy Bamforth

Translations: Maura Mendoza, Fernanda Villar and Judith Alexandre

Many thanks to our friends at Somerville City Hall.

